

# CAKRAMANGGILINGAN

Ancasipun:

*Saged nerangkaken runtut menggah cakramanggilinganing gesang manungsa wonten ing ngalam donnya.*

Siji kabegjan yekti,  
Loro jodho kaping telu,  
Pasthi tibaning kodrat,  
Manungsa datan ngawruhi,  
Kabeh iku kapurba kang Mahakwasa.

Gesanging manungsa ing menika mawi tataran ingkang ewah gingsir. Tataraning gesang manungsa kawiwitan saking lair, lare, rumaja, diwasa, mangun balewisma, saha seda. Wonten ingkang mastani 3 M inggih menika metu, mantu, mati. Metu tegesipun lair, mantu tegesipun malakramaken putra, mati tegesipun wangsul wonten pangayunaning Pangeran inggih Gusti ingkang akarya jagad. Gusti Allah ingkang murba jagad saisinipun inggih menika murba lair, jodho urip kalawan pati. Manungsa kawastanan sampurna lamun wus rumambah jagad papat cacache nun inggih jagad *lokabrata*, *lokapana*, *lokamadya*, *saha lokabaka*. Tataraning gesang manungsa mekaten kawastanan cakra manggilinganing gesang manungsa.

## A. Metu

Metu tegesipun lair, inggih menika lairipun ponang jabang bayi sasampunipun tapa brata wonten ing alam kandhutan sangang wulan sedasa dinten (limrahipun). Lairipun ponang jabang dipunwastani lumebet ing jagad *lokapana*. Loka tegesipun papan/sasana, pana tegesipun sumerep. Ponang jabang bayi kepengin sumerep endahing jagad padhanging donya, mila lair ponang jabang bayi. Lairipun ponang bayi dipunsarengi dulur papat, pramila tiyang Jawi pitados saben manungsa gadhah *dulur papat lima pancer*, inggih

menika kakang kawah, adhi ari-ari, rah-sungsum, tali puser, saha bayi minangka pancer.

### 1. Brokohan

Upacara ingkang katindakaken ing kelairan inggih menika brokohan. Ancasipun mugè tansah pikantuk barokah. Brokohan minangka raos syukur dhumateng Gusti Allah awit piningan momongan putra. Limrahipun brokohan menika ngepung sekul ing dipunjangkepi gudhang, gereh pethek, rempeyek, thontho, tempe, tahu, saha tigan ingkang dipunwadhahi tampah. Brokohan lajeng dipunkepung lare-lare, dipundongani, saha dipuntedha sesarengan.

### 2. Sepasaran/Sepekenan

Menawi wonten warga ingkang nglairaken, lajeng para tangga tepalih sami jagong utawi pawungon. Pawungon dipungkasi menawi sampun sepeken kanthi nindakakane sepekenan. Ing sepekenan menika toyang sepuh ugi maringi nama larenipun. Sepasaran utawi sepekenan menika upacara tradhisi kangge mengerti lairipun ponang jabang bayi ingkang sampun nyandhak gangsal dinten utawi sepeken. Limrahipun katindakaken kathi sedekahan (sodaqoh) utawi syukuran kanthi ngundang tangga tepalih ngepung ambegan ingkang wujudipun meh sami kaliyan brokohan nanging langkung kathah cacahipun gumantung warga ingkang dipunundang. Ing wekdal samenika sedhekahan sampun dados wonten dos utawi besek.

### 3. Selapanan

Selapanan menika upacara ingkang katindakaken tiyang Jawi nalika gadhah lare sampun 35 dinten. Ubarampe meh sami kaliyan sedhekanan. Selapanan dipuntindakaken awit dinten menila dinten ambal pekenan ingkang sepisan lairipun ponang jabang bayi. Upamipun lairipun Minggu Kliwon selapananipun inggih dinten Minggu Kliwon candhkipun (selapan + 35 dinten). Selapanan dipungeti awit manut kapatadosanipun tiyang Jawi dinten kelairan menika dinten

kemimpanganipun lare. Pramila kathah ingkang nindakaken siyam ing dinten kelairan minangka syukur.

#### 4. Supitan saha Tetesan

Supitan inggih menika ngicali rereged wonten pucuking planangan (lare jaler) kanthi kulit ing pucuking planangan (*scortum*). Ing jaman rumiyin supitan mekaten katindakaken menawi lare sampun umur 1 - 1,5 windu (8 – 12 tahun). Lare ingkang dipunsupiti, tiyang Jawi mastani ngislamake. Tegesipun lare ingkang dipunsupiti sampun saged dados imam menawi sholat (tumraping tiyang Islam).

Tetesan menika ngicali sukreta wonten ing pawadonan (tumrap lare setri). Mbah dukun ngginakaken kunir lajeng dipunsenggolaken (dulitaken) wonten ing pawadonan. Umuripun kirang langkung 1 windu (8 tahun).

#### 5. Tarapan

Tarapan inggih menika upacara ingkang katindakaken menawi lare nggarap sari (mestruasi) ingkang sepisan. Sasampunipun nggarap sari, lare dipunsirami. Sasampunipun siraman lajeng pinaringan busana sae saha jampi supados enggal pulih sarta tuwuh hormon-hormon kewanitan kanthi limrah (nomal).

### B. Mantu



Pasang blekete nalika mantu

(Dok. SEMINAR HARPI YK)

Lare terus ginulawentah dening tiyang sepuh lumebet jagad lokamadya. Loka ateges sasan/papan, madya ateges tengah, inggih menika jagading alam bebrayan utawi dhaup palakrama.

### 1. Lamaran

Jejaka ingkang kapranan kaliyan satunggaling warara lajeng nindakaken lamaran (panglamar). Utusan utawi tiyang sepuhipun jejaka rawuh wonten griya tiyang sepuhipun warara ngaturaken panglamar. Isipun nyuwun menapa kepareng menawi putrinipun (warara) badhe kajodhokaken kaliyan putranipun (jejaka).

### 2. Asok Tukon saha Paningset saha Srah-srahan

Menawi panglamaripun sampun katampi, lajeng katindakaken paningsetan. Kulawarga kakung rawuh kanthi mbekta ubarape asok tukon saha paningset. Wujud/sranaipun maneka warni -(kula aturi maos *Pengantin Gaya Yogyakarta, Tata Upacara dan Wicara, 2006* babaran Kanisius Yogyakarta)- ingkang baku pisang sanggan saha srana tukon (limrahipun redana arta). Dene kalpika (ali-ali) ugi saged minangka bukti. Kalika dipunagem jejaka kaliyan warara ing nyari manis asta kiwa.



(Lamaran, dok. Seminar HARPI YK)

### 3. Pawiwahan

Ing wekdal ingkang katemtokaken jejaka kaliyan warara palakrama (Islam: ijab qobul, nasrani: sakramen utawi pemberkatan nikah). Sasampunipun palakrama, pengantin nindakaken upacara panggih. Adicaranipun kawiwitan panebusing sri pengantin putri kanthi ngaturaken pisang sanggan, mbucal sukreta kanthi keyok kembar

mayang ing bahu pengantin kakung, balangan gantal, ranupada (mbasuh samparan), miji dadi (mecah antiga), kirab jumenengan, tampa kaya, dhahar walimahan, ngunjuk toya wening, mapag besan, saha sungkeman. Salajengipun penganten nampi donga pangestu saha kembul bujana. Sedaya upacara kasebat winastan pawiwahan penganten.

#### 4. Pahargyan

Upacara pahargyan langkung kawentar sinebat (resepsi penganten). Pahargyan menika minangka wahyaning syukur. Pahargyan saged katindakaken setunggal rerangken kaliyan pawiwahan (sasampunipun panggih kalajengaken pahargyan), utawi kaot 1 dinten, 2 dinten, 1 minggu, 1 wulan, malah wonten ingkang gantos tahun.

Pahargyan wonten kalih inggih menika pahargyan sasampinipun pawiwahan (kantindakaken kulawarga penganten putrid) saha pahargyan boyong temanten ingkang katindakaken kulawarga penganten kakung.

Tata upacara pengantin Jawi saking awal ngantos akhiripun saha manekawarni ubarampenipun kanthi jangkep saged dipunwaos ing buku *Pengantin Gaya Yogyakarta, Tata Upacara dan Wicara*, 2006 babaran Kanisius, Yogyakarta.



Penganten tempo dulu: peraga: Geovani dan Yora  
(Dok. SEMINAR HARPI YK, penulis bersama Geovani dan Yora serta Perias  
Hj. Sunarti Hardiyanto)

## 5. Mitoni

Mitoni dumados ing jagad lokabrata. Loka ateges papan/sasana, brata atages tapa ing alam kandhutan. Mitoni ugi sibenat tingkeban. Sinebat mitoni awit calon ibu mbobot (nggarbini) ingkang sepisan sampun pitung wulan. Sinebat tingkeban awit upacara menika kawiwitan dening Nyai Setingkep (ing Jaman Kedhiri ingkang jumeneng nata Prabu Jayabaya) nalika mbobot. Upacaranipun (1) sungkeman, (2) siraman calon ibu, (3) ngagem nyamping kaping ambal kaping pitu, (4) luwaran, (5) brojolan/lairan, (5) kudangan, (6) bubuk, (7) dulangan, (8) rencakan, (9) rujakan saha dhawetan. Jangkepipun saged kawaos ing buku Tingkeban (2008, Adicita Yogyakarta).

Tembang kudangan:

### LAGU KUDANGAN

TAKLELA-LELA LEDHUNG  
 CEP MENENGA AJA PIJER NANGIS  
 PUTUKU SING AYU.BAGUS RUPANE  
 YEN NANGIS DHAK ILANG AYUNE/BAGUSE

TAK GADHANG BISA URIP MULYA  
 DADIYA PENDHEKARING BANGSA  
 NGLUHURKE ASMANE WONG TUWA

KAE BULANE NDADARI  
 ANA BUTA NGGEGIRISI  
 LAGI NGGOLEKI CAH NANGIS

TAK LELA-LELA LELA LEDHUNG  
 CEP MENENG AJA PIJER NANGIS  
 TAK EMBAN NGANGGO JARIK KAWUNG  
 YEN NANGIS MUNDHAK EYANG BINGUNG.

### C. Mati

*Uwong urip aneng donya iki,  
Lakonana parentahing Allah,  
Ngibadah tumemen kuwe,  
Aja kongsi kaliru,  
Tatepana ati kang suci,  
Wujud pangibadahan,  
Rina wengi iku,  
Taberi ywa kongsi lena,  
Kanggo sangu lamun sira tekeng pati,  
besuk mlebu suwarga*

*Kridhaning dhiri datan bias hambedhah garising pasthi.* Menawi manungsa katimbangan ing pangayunaning Pangeran boten saged suwala naming sandika ing karsa. Tiyang sampun tiwas menika lumbet ing jagad lokabaka. Loka ateges papan/sasana, baka ateges langgeng. Jagad lokabaka ateges alam kelanggengan. Mati utawi pejah menika oncating nyawa saking raga. Dados ingkang pejah/tiwas naming raganipun, dene ruh utawi nyawa wangsul ing pangayunaning Pangeran ing alam kalanggengan.

Upacara ingkang katindakaken ing kematian inggih menika (1) bedhah bumi, (2) upacara pangrukti saha pametak laya, (3) pengetan-pengetan. Bedhah bumi inggih menika nalika juru kubur miwiti ndhudhuk (mbedah bumi) bumi kangge ngubur jenazah. Upacara pangrukti laya kawiwitan saking nyuceni mayit, mbuntel mayit, nyembahyangaken, saha nglebetaken ing kendhaga laya. Upacara pametaking laya kawiwitan nalika tata upacara ngantos metak laya ing sasana laya.

Upacara pametak laya ingkang jangkep (1) pambuka, (2) waosan kitab suci, (3) atur panuwun kulawarga dhuhkita, (4) waosan riwayat almarhum/ almarhumah (5) atur bela sungkawa para pelayat utawi) atur bela sungkawa saking mitra makarya (instansi), (6) atur panglipur, (7) susupan, (8) donga, (9) pambidhaling laya, (10) pametaking laya.

Upacara pengetan kematian tiyang Jawi antawisipun 3 dinten, 7 dinten, 40 dinten, 100 dinten, 1 taun (mendhak sepisan), 2 taun (mendhak pindho), saha 1000 dinten. Ing dinten-dinten kasebat katindakaken puji pandonga

sakulawarga, malah ugi sinengkuyung para warga tangga tepalih. Inggang kedah dipunpahami supados boten nuwuhaken predondi, bilih tiyang donga menika boten kedah ing dinten-dinten kasebat, sewanci-wanci, sadhengah papah para ahli waris saged ndongakaken leluhuripun.

## RINGKESAN

Cakramanggilingan gesangsing manungsa nun inggih metu, mantu, mati kanthu rumambah catur jagad lokajanma, inggih menika lokabrata, lokapana, lokamadya, saha lokabaka. Inggih menika alam kelahiran ngantos kadewasan satemah nindakaken gesang bebrayan, dene akhiripun tumekeng lena utawi mati.

### D. Pamiji (Evaluasi)

#### 1. Pitaken

- Gusti wenang hamurba jagad saisnipun. Menapa kemawon pepesthipun Gusti Allah tumrap manungsa?
- Kaandharna kanthi runtut tataraning gesang manungsa ing ngalam donya inggang sinebat cakramanggilingan!
- Wonten ing andharan “Mati” dipunserat sekar. Sekar menapa menika? Cobi kaandharna ngangge basa panjenengan piyambak!
- Menapa tegesipun *kridhaning dhiri datan bisa hambedhah garising pasthi?*
- Menapa inggang panjenengan mangertosi dulur papat lima pancer! Kaandharna!

#### 2. Tugas

- Tumrap tiyang Jawi, menapa sebabipun saben-saben tataraning gesang manungsa tansah katindakaken tata upacara?
- Kaandharna upacara panggih penganten gagrak Ngayogyakarta Hadiningrat sarta makanipun!
- Ing upacara tingkeban wonten adicara gantos nyamping wonten pitu. Menapa kemawon nyampingipun saha kados pundi maknanipun?



- d. Manut panjenengan kados pundi menggah wontenipun pengetan kematian: 3, 7, 40, 100 dinten, 1, 2 taun, saha nyewu?
- e. Manut panjenengan kados pundi caranipun mulangaken dhateng siswa bab cakramanggilinganing gesang manungsa?

## DAFTAR PUSTAKA

Abdi Dalem Keraton Yogyakarta Labuhan di Parangtritis. 2010.

<http://www.antaraneews.com/>

Javanologi. 2009. Lembaga Javanologi Yogyakarta Gelar Ruwatan.

<http://www.antaraneews.com/>

Javanologi. 2010. Ruwatan Bersama XX Tahun 2010 Lembaga Javanologi Yogyakarta. <http://www.bpsnt-jogja.info/>

Arief, Yan. Prosesi Labuhan Alit Kraton Yogya di Parangkusumo.

<http://mycityblogging.com/>

<http://maskarebet.blogdetik.com/>

Kahyangan. 2010. <http://www.pariwisata.wonogirikab.go.id/>

Ki Taryono. 2009. Gaya Ruwat Ki Taryono. <http://ki-taryono.blogspot.com/>

Kurniawan, Yuda. 2009. Tradisi Labuhan Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat sebagai Wujud Upacara Sakral sekaligus Usaha Pelestarian Budaya di Tengah Modernisasi. <http://yudakurniawan.multiply.com/>

Kurniawan, Yuda. 2010. Upacata Tradisi Labuhan Keraton NGayogyakarta Hadiningrat. <http://yudakurniawan.multiply.com/>

Labuhan Pantai Selatan .2005. <http://www.trulyjogja.com/>

Maskarebet. 2010. Mengenal Ruwatan.. <http://maskarebet.blogdetik.com/>

Negoro, Suryo S. The Labuhan Ceremony of Karaton Yogyakarta  
<http://www.joglosemar.co.id/>

Pertapaan Kahyangan Dlepih. 2009. <http://chafidibnuabdillah.blogspot.com/>

[Ruwatan Bumi Tamansiswa](http://cahandong.org/). 2010. <http://cahandong.org/>

Sudaryono. 2007. Labuhan Alit, Peringatan Ulang Tahun Raja  
<http://www.indosiar.com/>

Suganda, Mawan. 2008. Ruwatan Kisah Mutwakala.  
<http://mystys.wordpress.com/>

Waskita, Daru. 2010. Keraton Yogyakarta Gelar Labuhan Ageng di Pantai Parangkusumo . <http://trijayafmyogyakarta.com/>

Wijna. 2009. Ruwatan Massal di Kulon Progo. <http://wijna.web.id/>

Wulan, Mawar Kusuma. 2010. Adat Tradisi Ruwatan Sukerto Makin Diminati  
<http://regional.kompas.com/>